Къэбэрдей-Балъкъэрым Илъэс 450-р егъэлъапІэ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№178 (21.086) ● 2007 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 9-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

2007 гъэ, фокІадэм и 7

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Унагъуэ зэкъуэтым хуэдэу дыпсэууэ

Апхуэдэ фІэщыгъэцІэзнІэ теплъэгъуэкІэ Налшык къалэ и щІалэгъуалэм махуэшхуэр къызэІуахащ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгуэрэр ильэс 400 щрикъум и щэкІэ щыІэ утыкум деж сыхьэт 11-м къыщыдзэхуэсат махуэшхуэм теуХуа гуфІэгъуэм и зэхэубгакІуэхэр, парт зэгухьныгъэхэм я ІыкІуэхэр, ныбжьыщІэ хэр, шюлакІуэ щыкІуэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ Урысейм я тхыдэм гукъинэж махуэ куэд хэтщ, ауэ иджыпсту дгъэпытапІэхэр адрейхэм нэхъри нэхъ пылпІэщ - илъэс 450-рэ ирокъу республикэр Урысей къэралыгъуэм зэрыхьыхьэрэ. ДызэрегъэплъэкІыжьыт лІэщыгъуэ зыбжанэкІэ: дэ ди нэгу къэщІо хьэж адыгэ хэр хэкІыпІэ ямыІэу зыхэта зауэ гуащІэхэр, Къэбэрдейм къеныкъуэкъурт зэрыпхъуакІуэхэр - тырку сулътІанри кърым хъанри. Абыхэм увыІэгъуэ ямыІэу япэщІэтын хуейт Кавказым щыпсэу пъэпкъхэр. А зэман гупъуэм къэбэрдеипщхэм ищхьэрэ пъэныкъуэмкІэ - урысыщІыр здэщыІэмкІэ - загъаэ хъуат. Езы Урысей къэралыгъуэм и дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэт и ипщэ гъунапкъэхэр гъэбыдэныж. АбыкІэ сэбэпыщхуэ къыхуэхъуфынут Къэбэрдейр. Арати, щыпалъитІми а псор зэпалъытри, 1557 гъэм зэгурыІуэныгъэ зэращыІлауэ щытащ. Абы ипкъ иткІэ, адыгэхэм Урысейм и ипщэ ІуощІэ. Апхуэдэу Налшык и уэрам нэхъыщхьэм тету Абхъаз утым нэсыху дэкІуеину къыззэхуэсахэр нэжгужэт, фащэ щхьуэкІэпльыкІэхэмкІэ зэщыхуэпыкІат. Лениным и цІэр зезыхьэ уэрамым ирикІуэхэм уэрамджкІ кьэс цІыхуэхэр къащыхьхьуэрэ нэхъри гупыщхуэ зэрыгъэжъуати, пэкІум и япэ сатыркэр Правит ельствэм и Унэм деж къыщысам, яужь итхэр иджыри къежьатэкъым.

Гъуэгуанэ псом и кІыхьатхьІэ гупым япэ итащ зи макъамэр зэпымыуа оркестрыр. Уэрамкъыдыхьэм хэтхэм Правительствэм и Унэм деж къащыІущащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщхэу **Бечелов Ильяс, Ярин Андрей,** республикэм и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт,** министрхэр, депутатхэр.

Япэу ЗэгурыІуэныгъэм и утым кьихьащ КъБР-м и эстрадэ-духовой орк естрыр, абы кьыкІэльыкІуащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я ныпхэр зыІыгъ щІалэгъуалэр. Правительствэм и Унэм деж къыщызэхуэсахэм я пащхьэ теплъэгъуэ гъэщІэгъуэн кърахьащ щІалэгъуалэм - тхыдэр лІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ зэІэбэкІыжауэ кьыпщагъэ хьурт Иван ЕплІанэмрэ Идар Темрыкъуэ ипхуэ Гуащэнэрэ я фащэхэм хуэдэ зыщыгъ ныб жьыщІэхэм. Апхуэдэу пэкІум хэтащ кьалэм и сабий садхэм, школхэм я гъэсэн цІыкІуэр. Абыхэми я ІутІыжт. Ахэр дахэу кьафэрт, махуэшхуэм хуауса уэрадхэр жаІэрт.

Республикэм и унафэщІхэм ехъуэхъуащ Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ В.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием, ГъуазджэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтым, БизнесымкІэ институтым я студентхэр, нэгъуэщІхэри. Къищынэмыщіауэ, пэкІум хэтащ Налшык щылажьэ спорт клубхэм я гъэсэнхэри.

Гукъыдэжьыщхуэ яІэу махуэшхуэр ягъэлъэпІащ республикэм ижь-ижьыж пъандэрэ щыпсэу пъэпкъхэм нэмыщІ, хамэ къэралхэм кьиІэпхъуКІыу ди деж щыпсэуну къэкІуа нэгъуэщІ пъэпкъхэм щыщхэми.

Уэрам нэхъыщхьэм и пъэныкъуитІымкІи щеузэкІа цІыхухэм Іэгуауэщхуэкі къраГъэблагъэрт пэкІум хэт щІалэгъуалэр. Псоми гурыхь ящыхьащ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм уафэм драутІыпщхьея шар щхьуэкІэпльыкІэ щэ бжыгъэхэр. Президентымрэ министрхэмрэ яфІэгъэщІэгъуэн хъущ Правит ельствэм и Унэм блаха УФ-м и ныпыр - абы метрищэм щІигъу и кІыхьагът.

СыхьэтитІым нэблагъэкІэ зэпымыууэ уэрамым ирикІуа ныбжьыщІэхэм яІыгът «ИгъащІэкІэ Урысейм дригъусу!», «Дызэкъуэтмэ, дыльэщщІ», «Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ - илъэс 450-кІэІ», нэгъуэщІ къыхуеджэныгъэхэри зытет плакатхэр.

Налшык къалэм и щІалэгъуалэм я махуэшхуэ уэрамкъыдыхьэр екІуу, махуэшхуэм щыхухэр зэрыщыгуфІыкІыр я нэгум кьищу екІуэкІащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩІалэгъуалэм я ІутІыжт

НАЛШЫК къалэм илъэс 400-м и щІэкІэ щыІэ утым къыщежьа щІалэгъуалэр Абхъазым и утым къыщысам апхуэдиз гъуэуанэр льэсу, абы щыгъуи кьафэу, уэрэд жаІэу, кьыззэпачауэ кьыпхуэщІэнтэкъым, апхуэдизкІэ ахэр нэжэгужэти. Абыхэм я макъ жьгъырум махуэшхуэм и мыхьэнэр нэхьри льэщ, ин ящІу къыщыхьурт. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ мы махуэхэм ягъэлъэгъуэну концертхэм я пэщІэдзэрт абыхэм Абхъазым и утым кьащыпэплъэр.

Концертыр къызэІуахащ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм и «Кавказ пшэплъхэр» къэфакІуэ гупым. Апхуэдэу гуфІэгъуэ махуэм кьрихьэлІаХэм кьафэ зэхуэмыдэхэмкІэ яхуэупсащ «Дети гор», «Дети Кавказа», «Асса», «Нальчанка» ныбжьыщІэ ансамблхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и «Синдхэр» къэфакІуэ гупыр. Сыт хуэдэ пшыхьри зыгъэдахэ «Амикс» театр-студием хэт пщащэхэми уэрэд зыбжанэ щыжаІащ концертым.

СыхьэтитІкІэ екІуэкІа концертыр иуха нэужь, абы кьыкІэльыкІуэну Іу зхугъуэ нэгузыужьхэм я нэр кьыхуикІыу гуфІэгъуэм пащащ щІалэгъуалэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

● Гъуаздж э

Ди щІынальэм и дахагъэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Налшык дэт Льэпкъ музейм кьыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэр ди республикэм и щІыхухэми хьэщІэхэми зэрафІэгъэщІэгъуэнам щэч хэлъкъым. Музейм и унафэщІ КІэрэф БетІал зэІущІэм кърихьэлІаХэм гуапэу сэлам яриХри, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ ДышэкІ Мадинэ псалъэр иритащ.

- СИ ГУАПЭЩ ди республикэм и художникхэм, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэрами е нэгъуэщІ щІыпІэхэм щылажьэхэрами, я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр утыку кьыщрахьэ мы зэІущІэр махуэпхуэм зэрырихьэлІар, - къыхигъэщащ абы. - Си гуапэу псоми сохъуэхъу узынщагъэ быдэрэ насыпинрэ яІэну, ехъулІэныгъэшхуэхэр зыІэрагъэхьэну.

Ди республикэм и щІыхухэми хьэщІэхэми псалъэ гуапэкІэ зыхуагъазэу, махуэшхуэм гуфІэгъуэ кьытхуджкІуэну хъуахъуэу зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэрэ** Художникхэм я союзым и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэчэрэ.** Испанием кьыкІыжу махуэпхуэхэм хэтын папщІэ Налшык къэкІуэжа **КІыщ Мухьэдин** и гуапэу кьыхигъэщащ ди республикэм и теплъэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжар, хэпщІыкІыу зэрызиужьыр.

- Псом хуэмыдэу абы гу лъэботэ куэдрэ укъэтауэ укъыщыкІуэжам деж, - жиІащ КІыщым. - ГуфІэгъуэ зращІэкІ махуэшхуэм республикэм фІы куэд кьыхудэкІуэнущ, ауэ сэ нэхъ лъапІэ дыдэу кьысщыхьур Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэ цІыкІу зэрыщыІэр дуней псом иджыри зэ хэІущІыІу зэрыщыхъунурщ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм хэтащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр **Тут Заур,** Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан,** министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я лЫкІуэхэр, художникхэу **Пащты Герман, Сэвкіуий Хьэмид, Тепцеев Хъызыр, Кодкутин Андрей, Кулиев Азэмэт** сымэ.

Художник цІэрыІуэхэмрэ КъБР-м и цІыхубэ мастерхэмрэ я Іэдакъэщ Іэкі Іхэр, декоративнэ-прикладной гъуазджэмкІэ музейм и гъэтІылъыгъэхэр кьанэ щымыІэу телъыджэ защІэт. Пхуэжьмыіэным хуэдэу дахэт, кьаду телъыджэ гуэрэкІэ уэзыІэпашэрт **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Црым Руслан, Мэргъущ Анатолэ, Акщизовэ Сиярэ, Булатовэ Людмилэ** сымэ я сурэтхэм, **ТхьэкІумашэ Михаилрэ БжэІумых Хьидрэ** пхъэм кьыхащІыкІа я лэжьыгъэхэм, модельер ныбжьыщІэ **Тажь Альбинэ** и Іэдакъэщ Іэкі Іхэм, **Хьэцікіу Мадинэ** и лъэпкъ фащэхэм.

* * *

ФокІадэм и 7-м иджыри зы выставкэ къыщызэІуахащ Изобразительнэ гъуаздж эмкІэ музейм. «Ди лъахэ» зыфІаща зэІущІэм къыщагъэлъэгъуащ Лукьяненкэ Иван зи унафэщІ «Свой стиль» фотостудием хьыхьа сурэттех гуным я Іэдакъэщ Іэкі Іхэр.

МУЗЕЙМ щагъэлъагъуэ сурэтхэр аргуэру зэ щыхьэт техъуащ ди щІынальэм хуэбгъэдэн зэрыщымыІэм. Кавказ Ищхьэрэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Налшык къалэм и щІыпІэ дахащэхэр, къурш лъагэхэр, хъупІэ щыхъуантІэхэр, и цІыху телъыджэхэр кьызэрыщ сурэтхэр трахащ Къудей Арсен, Бекоев Геннадий, Вэрокъуэ Заур, езы Лукьяненкэ Иван сымэ, нэгъуэщІхэми.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



Вэрокъуэ Заур и псалъэ.

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

● Дыгъуасэ



Къуажэ гуфІэгъуэм кърихьэлІащ КъБР-м и Парламентым и Знафэщ Бечелов Ильас, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Налшык къалэ округым и администрацэм и унафэщ Хьэмгъуокъу Леонид.

Хьэсэнейм и гуфІэгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлІэу Хьэсэней жылэм ухуэн щауха ШІэнхабзэмкІэ унэр дыгъуасэ кьыззІуахащ.

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэм кърихьэлІат КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, республикэм и Парламентым и Знафэщ **Бечелов Ильас**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэ **ДыщэкІ Мадинэ**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫыкІыу Ипщэ Федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор **Меркулов Александр** УФ-м юстицэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Алханов Алу**, министерствэхэм, ведомствэхэм я лЫыкІыуэхэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэпащ1ыхэр, нэгъэущІэхэр.

ЗэІущІэр Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащ1ыхэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Хьэмгъуокъу Леонид** къызэІуиха нужь, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьэпсэльащ. ГуфІэгъуэмкІэ къуажэдэсхэм ехъуэхъури, абы кьыхигъащІащ дяпэкІи мы къуажэр гулъытэншэу кьызэрамыгъэнэжу, Іэмал имыІэу спорт комплекс дащІыхьыгъэ зэрыхъуэжыр. Іэпащ1ыхьмэ тегухьэу гъэпсыныгъэ зэрыщІэнырр.

Къуажэдэсхэм я цІэкІэ къэпсэльа нэхъыжьыфІхэм фІыщІэ хуащІащ мы Іуэхур жэрдэм зыщІа, ар зэфІэзыгъэкІа псоми.

ГЬУПОКЬУЭ Синэмис.
Сурэтхр
ХОЛЛАЕВЭ Іюбэ *трихащ.*

ЦІыкІуи нии щІыхьэсащ ШІэнхабзэмкІэ унэщІэм.

ФІэщхъунытъэ ин кьытхалъхьэ

● Ди куейхэм

Дзэлыкьуэ районым хьихьэ Сэрмакъ къуажэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. Нобэ абы щопсэу цыху мянн 9-рэ 300-м щІигъу. Зэгуэр лэжьыгъэшхуэ щагъэхьеиуэ щыта мы къуажэмрэ кьыльэІэсащ зэхъуэкІыныгъэ фІащу 80 гъэхэм и кІэхэм кьрахьэжьа Іуэху зехьэкІ мыгугьІуэгъуэм я гугъуехь псори. Ильэс 20 хьауэ жылагъэ дэсхэр тематІэкІэ поплъэ я гъащІэр зэлъба щыхьужьыни, я псэукІэр щефІэкІуэжьыну.

Сэрмакъдэсхэм я нобэрей псэукІэм, я гурыгъу-гурыщІэхэм тедгъэпсэльыхьыну дэ зыхуэдгъэзащІ къуажэ администрацэм и унафэщІ КУЭЦЭ Альэнбий.

- Асльэнбий, хэт нэхъри нэхьыфІу уэ ушыгуаэщ фи жылагъэм и Іуэху зыщытым, щыхуэхэм я гугьеуэхэм, ахэр нэхьыбэу зыгъэпІейтейхэм. Ящэ щыІэ абыхэм я гугъу уэзгъэшІынут.

- ПсалЬэмрэ Іуэхумрэ щыІэр ящыхьмэ деж гугъэр пІащІех. Горбачев кьрихьэжьэу Ельцин ныМ зыпищащ зэхъуэжьныгъэхэм ди щІыхуэхэм тхъэмыщІагъэу кьыхуихаращ къэуэтэгъуейщ. Зы Іэнатіи къэнакьым ар зыльэмыІэсауэ. Сэрмакъдэсхэм я дежкІэ гукъуэтэ апхуэдизу ильэскІэ зэуІуу ящхуэ гъащІэр зэрызэбгащІащ, зэрагъэпэща мыльокъур щхьэхуещІэжэм зэрыщэфІрагъэфар. Кьуажэм дэтьэжкъым щІыхуэхэр зэгъэбгащІэу Іуэхумрэ щІэныгъэ зэрыщІэнырр щІэныгъэ ящІыжьмрэ щІэныгъэ щІэныгъэ зэрыщІэнырр щІэныгъэ щІэныгъэ щІэныгъэ

● Ди псэлъэгъухэр

"Кабардинкэр" къофэ



Къэбэрдей къафэм нэхъ дахэ щыІэкъым.

Лъэпкым и блэкІари и нобэри къэзыгъэтІагъуэ, щэнхабзэ, гъэдэдж и лъэныкъуэкІэ абы игъэтэ зыужьыныгъэр наІуэу уи нэгу кІыщІэзыгъэуэ къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэр иІэн хуейщ лъэхъэнэм дэбакъуэу зызыужь республикэм. Ар ди унафэщІхэм хьэкъыу япхыкІа нужь, 1933 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ЛУГ-м хыхьэу Налшык къыщызІуахауэ щытащ Художественнэ лъэпкъ студие, къэфакІуэжр, уэрэджыІакІуэхр, цыхубз макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэхэр, адыгэ, балъкъэр театрым и артист хъунуэхр щагъэхьэзыру. Абы хьихьэрт Къафэмрэ уэрэдымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблыр, нужькІэ «Кабардинкэр» къызытекІыжауэ щытар.

СЫТ ХУЭДЭ художественнэ, творческэ гупми я къежьапІэу ялъытэр ахэр япэу цІыхухэм я пащхьэм щихьарщ. Ауэ мы зи гугъу тщІы ансамблым апхуэдэ махуэ пыухыкІа иІэкъым, Гупу зэкъуэувэн и пэкІи ар къалэдэсхэм, къуажэдэсхэм яцІыхуу щытащ. ЗэгурыІуауэ къащта унафэм ипкъ иткІэ, абы и махуэу ягъэуващ Художественнэ лъэпкъ студиер къыщызрагъэпэща жэпуэгъуэм и 1-р.

Абы лъандэрэ куэд и нэгу щІэкІащ ансамблым, лъэпощхьэпо куэдми Іуущ. Ауэ гупым псори щагъэгъупщэжырт дамэ къатезыгъакІэ я екъуІэныгъэхэм. Абыхэм зыкъыщыгъэльагъуэрт республикэм и кІалэхэми къуажэхэми, клуб здэщыыпІэхэр нэхъыбэми.

Ансамблым зыкъыщигъэльэгъуа утыку нэхъ инхэм щыщт апэ Кавказ Нщхьэрэ совмэз-колхоз спартакиадэу 1934 гъэм Пятигорск щекІуэкІар. Зжьззэхуэр зэрызэхэта спорт, къафэ лІэужьыгъуэ 18-м щыщу 15-мкІэ ди ансамблым текІуэныгъэр кьихьри, саугъэту сом мин 30 кьыхуагъэфэщауэ щытат. Абы кьыдэкІуэу гупым хэт цІыху щхьэхуэхэри ахъшэ саугъэтхэмкІэ ягъэпажат.

Республикэм япэ дыдэ щикІам ансамблыр щыІащ Украинэм. Абы кьыкІэтыкІуащ КъухьапІэ Жыжьэр, Хабаровск, нэгъуэщІхэри. 1939 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м Къафэмрэ уэрэдымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр ансамблым кьыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Пэхьащхьэм и Президиумым и щІыхь тхьытыр. Абы щыгъуэм ди республикэм гъуэздджэмкІэ и лэжьакІуэ 11-м, ансамблым и артистэ 5 яхэту. щІыхьыщІэхэр кьыфІащащ.

30 гъэкъэм лъандэрэ блэкІар машІэкъым. «Кабардинка» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал академическэ ансамблым нобэм иІэщ ехьулІэныгъэфІхэр. Цыху 14 фІэкІа мыхъуу ягъэкІуэдыжа ансамблым зиужьащ. Ди республикэм зы гуфІэгъуэ щекІуэкІыркъым «Кабардинкэр» хэмыту, утыкур имыгъэдахэу. Абы и дамыгъэхэм, саугъэтхэм, щІэ лъапІэхэм махуэ кьэскІэ зэпытщ.

Нобэ ди псэпэгъуэ ансамблым и художественнэ унафэщІ **Атэбий Игорь**.

- «Кабардинка» ансамблым бгъэдэль зэфІэкІым псори дыщыгъуазэщ. ЩІэх хэлъкъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум иращІыкІэну гуфІэгъуэ зэІущІэхэм и фызэрыхьэтынум. Ди щыхуэмри республикэм кьыхуеблэгъэну хьэщІэхэмри я пащхьэ нфтьхьэн папщІэ щэщыгъуэу, щІэуэ зыгуэр игъэхьэзыра?

- Махуэшхуэхэм ирихьэлІэу дэ дгъэхьэзыращ вокал-хореографие сюитэ. Ар сэ згъэувати, КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министр Тут Заур Москва щитыну и щхьэ закъуэ концертым. Уэрэдищым дыкъыдофэ, дыдейуэ кьафитІи хэтынущ.

КІэщІу жьыпІэмэ, дэнэкІи щекІуэкІыну зэІуцІэхэм, Налшык щыгъэжапІэм щыхэхэтынум фІэкІа къэмыІыжу, цІыху сымыгъэуту, уэрамым кьыдэсщу згъэсэну сыхьэзыру зы зэманкІэ щытащ. Иджыпстукіэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, фІыуэ къокІуалІэ.

- Ансамблым ехьэлІауэ сыпым унгъэгуфІэрэ, сыт тым унгъэуІуэрэ, Игорь?

- СызыгъэгуфІэр щІалэгъуалэ мыбы кьакІуэнущ. Абыхэм кьахь улахуэмкІэ ансамблым кьыхьихьну зэрытегушхуэр фІыгъуэшхэущ. КъэфакІуэхэм я уаехэр сим мини 2,5 - 3 фІэкІ зэрымыхъумри, ар гъуэгу уасэу зэрыкІуэдыжми ахэр къигъэувыІэркъым адыгэ кьафэр фІыуэ зэралъагъум кьыхэкІыу. КъащІтэмэ, ди къэфакІуэхэм яхэтщ Бахъсэн, Нартан, Шэджэм, Нарт-кьалэ щыщхэр, Налшык и Александровкэ хьэбэм кьикІым маршруткитІ зэрехъуэкІ. Ахэр щыжьыпІэм и деж мыхьэнэншэу кьыпщохъу, арщхьэкІэ улахуэ ебзыльхькІам щепсыниткІэ кьыбгуроІуэ гъуэгупщІэр къыптемыхьэлъэн хуэдэу зэрымымащІэр. Адэ-анэм якъуэ ныбжьыщІэхэм кьызэрашэу хжьыж я унагъуэ зэрахуэмыгъэпсэум кьыхэкІыу. Мис араш дызыгъэгулэзыр.

- Дыщыгъуазэщ куэд мыщІауэ Курорт залым хэт зы пэщ ансамблым репетищхэр щригъэкІуэкІыи папщІэ зэрыфхуэзрагъэпэщыжам, Игорь, иджы сыт хуэдэ хъуапсапІэ нэхъыщхьэу уиІэ?

- Япэ дыдэу щытыр, кьызтезгъэзэжьынщи, улахуэр нэхъыбэ щыныращ. Зэчий жьпІэнущи ябгъэдэтыщ, ар кьызэрыдгъэсэбэныну Іэмали къэдгъуэтынщ. ИтІанэ автобус дызэрымыІэм дыкъелъахъэ. Зы щІыпІэкъэ концерт щыттын щхьэкІэ дыщыкІуэм и деж бэджэнду кьатщтэ автобусым етт ахъшэмкІэ ансамблым и артистхэм «дедыгъуэкьин» хуей мэхъу.

- Пэщыр кьыщыззІуфхым жьпІауэ щытащ сабийхэр вгъэсэну дызэримуладыр. А Іуэхур дэнэ нэса, гъэсэн щыкІуэр фиІэ?

- Махуэшхуэхэр зэрызэфІэкІыу абы нужь дихьэнущ. Сыт и уасэт «Кабардинка» ансамблым деж щыІэ адыгэ кьафэмкІэ академие уиІэну, концерт программэкэ а цІыкІуэхэр хэбгъэхьэну?! Ахэр хэтмэ, шэч хэмыльу концертхэр дахэ, щІэщыгъуэ хъунущ. Ар икІи ІэмалыфІщ ансамблым и екъулІэныгъэхэм, я утыку итыкІэм кІэтыпльэ, абы кьыщІэтаджэ ныбжьыщІэхэм кьафэр я гум хэтьу къэхъунымкІэ. Мис итІанэ, сэ кьызэрысщыхъумкІэ, гупым хэдгъэжьэн кьэгъуэзынымкІэ гугъу дехьынукъым.

Студие сщІын щхьэкІэ пшынауэ, бэрэбэнауэ, нэгъуэщІ цІыху зыбжанн сыхуейщ сабийхэм ядэзгъэлэжьэну. А штатхэр зэрыдимыІэм кьыхэкІыу, абыхэм улахуэ еттын, сабийхэм фащэ яхуедгъэдын хуейми, нэгъуэщІхэмкІэ кьэдгъэсэбыпынми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зызыгъэсэну цІыкІухэм пщІэ щІату тщІын хуей хъунущ.

- Фи щІэ фІыкІэ кьизыІуэжьи, фи гъэжьыгъэр зигу дэмыхьэу къыфхуэпсатьхэми (апхуэдэхэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыІэщ) сыткІэ захуэбгъэзэнт, Игорь?

- Тхьэр арэзы кьыфхуэхъу яжеСІэну сыхуейщ ансамблым и лэжьыгъэр кьызыгурыІуэхэм, абы я щІыб кьызхуэзмыгъазэу пэжкІэ жьыкІэ кьыбгъэдэтхэм. Дэ дызыхуэлажьэр лъэпкъырщ, абы и гъуэгуджэр, и щэнхабзэр хъумэнырщ. Псори арэзы зэрыпхуэмыщІынур сэ кьызгуроІуэ, ауэ мыдрейуэ, «Кабардинкэм» кьыхуэпсатьхэм ныкъусаныгъэхэр кьыщежьэр зрагъэщІэну, мыбдеж кьакІуэу я гукъэуэ эхэр кьыджаІэну, ахэр зэфІэха зэрыхъунум зэгъэуСэу драгъэгупсысыну сыхуейт. Си щхьэхьэ ар нэхъ тэмэму мыхьэолъытэ.

- Щыхуэхэм я гукъыдэкІр кьызэзыІут, щэнхабзэм, гъэуздджэм и хъумакІуэ, илъэс 70-м щІигъу гъуэгуанэ кьызэпызыча ансамблым ехьуІэныгъэжьэр дяпэкІи иІэну, утыкур сытым дежи игъэдэхэну ди гуапэщ, Игорь.

Епсэлъар

ИСТЕПАН Залинэщ.

Пщащхэр утыку кьохьэ.

Лыхьужь къафэ.

Хьэт къафэ.

● Щапхъэ

Къумахуэхэ Мухьэдин, Мурадин, Башир. *1969 гъэ*

Къумахуэхэ я щІэныгъэ гъуэгур

ЩІЭНЫГЪЭХЭМКІЭУрысей академием бзэ щІэныгъэхэмкІэ и институтым и къудамэм и унафэщІ, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, Лунд университетым (Швеце) щІыхь зиІэ и доктор, ЩІДАА-м, Абхъазым ЩІэныгъэхэмкІэ и академием я академик **Къумахуэ Мухьэдин** и гъашІэр зыгъуриухуа унэтІыныгъэм хуІущІа хэльхьэныгъэр кьыпхуэмыльытэнымк хуэдизщ. Иджыблагъэ кьыдэкІа япэ адыгэ щІэнгъуаэзм и редакторыр аращ.

Мухьэдин курыт еджапІэр кьиуха нэужь, бзэ щІэныгъэхэм зэрыдджэхэ хьмкьыхэкІыу, абы хуедджэну мурад ищІащ икІи Тбилиси къэрал университетым щІэтІысхьащ. ЕкъулІэныгъэхэр иІэу ар кьиуха нэужь, и щІэныгъэм щыхигъэхьуащ Москва кьалэ. Бзэ щІэныгъэхэмкІэ институтым и аспирантурэм щІэтІысхьэри, кьыхихА Іэнатіэм и щІэху псори зригъэщІащ, кандидат лэжьыгъэри пхигъэкІащ. Абы кьыкІэлъыкІуащ доктор диссертацэри.

Пасэу щІэныгъэм гу гъэщІа щІалэри, абы и кьуэшхэри, и щыпхьухэри я сабиигъуэм зыІууа гугъуехьхэм кьыззтрагъэувыІакъым. Зи щхьэгъусэр зауэм хэкІуэда Кузэ щІалилрэ хьыджэбзитІрэ лъэ быдэкІэ гъащІэм хигъэувэн хуейуэ кьыхуэнат. Анэм ихь жэуаплныгъэр нэсу зыхэзыщІэ бзылъхугъэр кьыпикІуэтакъым сыт хуэдэ лъэпощхьэпоми икІи и бынхэр иригъэджащ, дэтхэнэри гъащІэм хэуавэн папщІэ лъэкІ кьигъэнакъым. Пэжщ, зэкъуэщхэм ящыщ МуІэед уэзым иубыдри, пасэу дунейм екьжащ. ЩІалэ нэхъыжь Башир илъэс 16 зэрырикъуу фронтым дэкІащ, ауэ, и насып кьрихьэкІри, узынщэу кьигъэзэжащ икІи партым и райкомым щылэжьащ. ИужькІэ мэкъумэш хозяйствэм и экономикэр джын щІидзэри, доктор хъуащ, Мэкъумэш академием и профессору щытащ. Башири КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэт, ЩІДАА-м и академикт.

Мурадин курыт школыр кьиузэриуху, 1956 гъэм Москва къэрал университетым физикэмкІэ и факультетым ядернэ физикэмкІэ и къудамэм щэтІысхьащ. Абдеж кьыщыщидзащ абы урысей щІэныгъэм хуищІа хэльхьэныгъэ купщІафІэхэм. 1970 гъэм и кІэухэм - 1980 гъэхэм я пэщІэдзэм дунейпсо щэрыІуагъ кьыхуихьащ абы кьигупсыса нурым - физическэ эффектыщІэм. Ар телыджэ кьащІихьащ Урысейми США-мя и щІэныгъэлІэхэм икІи «Къумахуэм и эффект» щІэрэ фІащауэ щытащ абы.

Зэщыпхьухэу Тосэрэ Анусэрэ КъБКъУ -р я бзаухащ, Анусэ егъэджакІуэу щалъхуа жылэжьым игъэзэ жащ, Тосэ биологие щІэныгъэм дихьэхри, кандидат лэжьыгъэри пхигъэкІащ.

КЪЭБАРТ *Мирэ.*

● Гъуэзджэ

Куэдым хунэс зэщхьэгъусэхэр

КІуэр, Пщызэбий, абыхэм япхъу Маринэ. *1989 гъэ*

Лъэпкъ Іуэху зыгъэкІуэт, абы зэныгъуэзщІ, зэчий зыбгъэдэль, фІыщІэрэ щІыхьрэ къэзылэжь щІыхуэм я гугъу щащІкІэ, псом хуэмыдэу Адыгэ драмэ театрым и гугъу щащкІэ, зашІуэ гум кьэкІыр ЖьакІэмыхьхьу КІуэрэ Мысостыщхуэ Пщызэбийрэщ. Мыхэр артистыфІ къудейкъым, унагъуэ щыщкъэм я жьэгу пащхьэр зыгъэхуабэ зэщхьэгъусэхэщ, ихьэмрэ къуэмрэ я щхьэщыт адэ-анэ гумащІэщ, ихьэрыдыхьу щІыкІу къащІухьхьум ирипасыпыфІэ адэщхуэ-анэщхущ.

МЫ ДИ ТХЫГЪЭ кІэщІыр творчествэм емыхьэлІа псалъэхэмкІэ кьыщІыщІэддзам щхьэгъусэгъуэ иІэщ. Ильэс куэд щІауэ сценэр зыгъэбжьыфІэ, цІыхухэм я гукъыдэжыр къэзыІэт, адыгэбзэр макъамэу зэхозыгъэх артистхэм я гуащІэм куэд тетхьихьащ, радиокІэ и гугъу ящІащ, телевизоркІэ кьатащ. Я гъэжьагъэм хуэфащэ пщІэ игъэта-имыгъуэтам дытепсэлъыхьынкьымι, ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, я екъулІэныгъэхэм, саугъэт щхьэхуэхэр кьызэрыхуагъэфэщам щІэхщІхьыр» и гугъу ящІ, еяхьмэ я гупсысэхэм я кьызыхэщ тхыгъэхэр республикэм кьыщыдэкІ газет зэхуэмыдэхэм кьытохуэ, нэтынхэрягъэхьэзыр.

Пщызэбийрэ КІуІэрэ зэгъуэсэу я гугъу пщІыну гугъущ икІи тыншщ. Гугъущ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыжьи жэщ-махуэкІэ гъэтсэлъыхьами пхужымыІэну артист гъуэзэджэщи, дэтхэнэми гъуэзджэм хуищІа хэльхьэныгъэр инщ, куущи. Тыншщ, щІэныгъэ льагъэ, зэчишхуэ зэрагъгъэдэльым деж щхьэгъусэгъуэ ренэгъэнэ зэрагъэзэщІащ, зэгъэхуэ куэд я гъащІэм хэльщи.

Театрыр фІыуэ зыльагъуэхэм, абы и лэжьыгъэм кІэльыплъэхэм ящІэ КІуІэрэ Пщызэбийрэ ягъэзэщІа ролхэр кьыхуэзгъэр, ахэр зыхэт спектаклхэр ди театрым и дыщэ гъэтІылъыгъэ зэрыхьуар. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри щыхьэт тохъуэ гъащІэм набдзэгубдзапІэхуэ хуищІа, абы и дерсхэр эщІэзыша, Іуущыгъэрэ дахьэрэ зи нэгу кьыщІартистхэр я нэхъ-гъэнэсуэнэ зэрыпэлъэщыным.

Пщызэбийрэ КІуІэрэ теуэхуауэ зэман зэхуэмыдэхэм ятха тхыгъэхэм ращыхэплъэкІэ, гу лъымытэу кьанэркъым дэтхэнэ зыми ахэр щІыху тельыджэу, хьэщІэ фІыуэ зыльагъуэ, нэщІыбагъкІэ зыми хуэмыпсалъэ щІыхуу кьызэрагъэльагъуэр. Абыхэм кьадэлажьэхэр щыхьэт зэрытехьэщІи, зэщхьэгъусэхэм яхуэзфІокІ езыхэм ихьэрэ нэхъыщІэ артистхэм зыкІи я жагъуэ ямыщІу я щыугъэхэр ирагъэльагъужьни, чэнджэщ щхьэпхэр иратын. Зи щІыбагъ кьэзыгъэзам и нэм щІэплъэу жамыІэфынур утыку кьызэрырамыхьэра кьыщІэкІынщ нэхъыбэу Пщызэбийрэ КІуІэрэ я пщІэр льагъэ зыщІыр, я псалъэм псори пщІэ хуащІу щІедаІуэр.

ЖьакІэмыхьумрэ Мысостыщхуэмрэ я макъ гъэздэкІэм рэ я адыгэбзэ кьабзэмрэ кьихьумыгъэщынι плъэкІыркъым. Апхуэдизкі э а тІум я псэльхэм уи гур егъэтыпщ, дэтхэнэ макъми и ІэфІыр зыхьуагъащІэри, пІэжу нэхъ мыхьуми зи анэдэлъхубзэр фІыуэ зыльгъагъур абы ирамыгъэхъуэпсэжынкІэ Іэмали иІэкъым. Нобэр кьызэсым радиом едаІуэхэм ягу кьагъэкІыж КІуІэрэ Пщызэбийрэ ирагъэкІуэкІыу щыта нэтынхэр, Кьытыщу хъыбарыр зэрафІэгъэщІэгъуэным нэхърэ мынэхь мащІэу ахэр пэплъэрт псэр зыгъэтынщ, адыгэбзэр щызу кьыпшкъырызыгъэхьэ макъхэм.

Театрым и закъуэкъым артистхэр щылажьэр; Пщызэбий «Бжьамий» Іуэрыіуатэ ансамблым хэтщ, КІуІэ сабийхэм зетикэ гъэсэныгъэ етынымкІэ Налшык дэт центрым, Къзанокьуэ Жбагъы и цІэр зезыхьэм, щыІщ. Зи сабийхэр артист хъуну хуейхэм я закъуэкъым КІуІэ и гуащІэм щыгуфІыкІыр. Абы ныбжьыщІэхэр хуегъаІэ гуп хэтыкІэм, ди бзэм гъэхуауэ ирипсэльэныим.

КІуІэ зэрыжиІэщи, актер ІэщІагъэр хуабжьу гугъущ. Зэчий убгъэдэлъкІэ зэфІэкІыр-кьым, узыщымыхьхьыжу, еэщІ умыщІэу улэжьэн хуейщ, уебгъэ-кьуэуущуэ ббгъэдэлъыпхъэщ. Ауэ сыт хуэдизу ипхъу Маринэ сценэм пэІэщІэ ищІыну хуэмеями, зыхущІэкъум абы и Іэр тригъэхуащ: зыщІэхьупса Іэщ1агъэр зригъэгъуэтауэ Адыгэ драмэ театрым и артисткэщ. Ар лЫгъэщхуэщ Маринэ щыщыкІум адыгэбзэкІэ псалъэу зэрыщымытар кьэпльытэмэ.

Я кьуэ Асльэн макъамэм, сурэт щыным, гъуэздджэм и нэгъуэщІ лъэныкъуэхэм дахьэхми, зы унагъуэм дежкІэ артистищыр ирикъуну кьыпльагъри экономист ІэщІагъэр зригъэгъуэтащ.

Куэд дыдэ яхужьпІэ хъунущ Мысостыщхуэ Пщызэбийрэ ЖьакІэмыхьу КІуІэрэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, цІыхугъэр, напэр, изымысыр хъумэным, мамырыгъэр, цІыхухэм я зэхущытыкІэфІэхэр, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, цІыхуфІхэр мы дунейм ихъыбуэ щыхъуным, лъэпкъым и бзэр, и щэнхабзэр я сценэ итыкІэ екІумкІэ хъумэным зи Іуэхущафэ псори хуэунэтІа зэщхьэгъусэхэр адыгэхэм тхуэлэжьэнырщ, тхуэпсэныирщи, роль гъэщІэгъуэн куэдкІэ дяпэкІи дагъэгуфІэну Тхьэм хущІигъэхьэ.

БЛИЙ Даянэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Нобэ Журналистхэм я зэакъылэгъуныгъэм и дунейпсо махуэщ

Иужьрей дыдэ репортаж

Мы махуэр 1943 гъэм фокIадэм и 8-м нацистхэм зи щхьэр папъэ чех журналист гъуэзэджэ Фучик Юлиус и фэепльщ. Ар Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм (МОЖ) 1958 гъэм и накъыгъэм Румыниием и къалащхьэ Бухарест щриГъэкIуэжа IV конгрессым и унафэкIэ ягъэувыж.

ФУЧИК Юлиус фашизмэм, рассизмэм, лъэпкъ дэкъуэзныгъэм ягъэщIэтащ и псэр хэкIыхукIэ. Езым итIанэ мыхъу бий кIэрыуфIыщIхэм я Iуэм ихуэ иужькIи, а бэнэныгъэр игъэувыIа-кым. Дауи, фашистхэр хущIэкъуащ дуней псом щыщIэрыIуэ журналистыр езыхэм я лъэныкъуэ къащIыну. Къеубзащ, къедэхэщIащ, а псоми зыри къыщимыкIым удинкIэ ираудыхыну хущIэкъуащ. АрщхьакIэ Фучик гушхуэ зыкIуэщIыпъ цIыхут. Ар ящыщIэкъым зэрыхуа щытыкIэм елъытатуэ зи Iуэху еплъыкIэ-хэр, гъащIэ лъапIэныгъуэ зыхъыпытэхэр зыхъуэж. Абы и закъуэкъым: фашизмэм и бий бэнэныгъэм щыпищащ нэмыщIуэми (концлагерми). Уеблэмэ, абы щитхащ зауэр ихуа иужь дунейм къытехьа «КIапсэр пщэм фIэлъу ятха репортаж» тхылъ цIэрыIуэр. ЩхьэпылъапIэр къызыпэплъэ а цIыху къэмыпэнджэжым къыпытащэ